



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
April 2008

Kontak Susan Smith
850-245-4111

****PAPYE ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

PREPARASYON POU DEZAS POU FANMI AK TIMOUN

TALLAHASSEE – Krent ak laperèz timoun soti de imajinasyon yo, Adilt yo fèt pou pran santiman timoun yo trè serye. Bon ti Pawòl avèk aksyon kapab rekonfòte yon timoun ki genyen yon bagay ki fè li pè.

Lè w ap pale avèk pitiou ou an, ba li enfòmasyon ki chita sou reyalite, ki onèt ak fasil pou'l konpran. Sonje byen ke aprè yon dezaz, pi gwo enkyetid ki fè timoun yo manifeste laperèz se :

- Ke yo pral vin separe avèk fanmi yo, e ke yo pra l rete poukont yo.
- Ke evenman sa pra l rive ankò.
- Ke genyen yon moun ki pra l fè yon gwo aksidan oubyen yon moun pra l mouri.

DOH rekòmande ke ou rasanble yon trous pou pitit ou, ki enkli ladan:

- De twa ti liv ke you renmen, kreyon ak papye.
- Jwèt kastèt, yon jwèt plato, jwèt kat.
- Tout jwèt piti ke yo renmen plis, tankou poupe, poupe aksyon, animo en pelich.
- Lèn ak zòrye ke yo renmen plis.
- Foto fanmi ak bèt domestik yo.
- Lòt bagay ki ka rekonfòte timoun.

Li enpòtan ke vaksen timoun yo ajou pou evite maladi ke vaksen yo ka prevni, ikonpri yon epidemi sanzatann pandan yon katastwòf.

- Kenbe yon kopi antesedan de vaksen pitit ou yo te pran nan trous dezaz la ansanm avèk enfòmasyon dijans de fanmi an.
- Tout manb fanmi an fèt pou yo make tout date lè yo te pran dènye vaksen tetanòs-difteri nan dosye sa tou.

KONSÈY SOU KOMINIKASYON AVÈK TIMOUN KONSÈNAN KATASTWÒF

Pou reponn a evenman trajik ki te pase le 11 septanm 2001 an, Akademi Pedyatri Ameriken an (American Academy of Pediatrics - AAP) te ofri kèk konsèy sou fason pou kominike avèk timoun/adolesan pandan yon kriz.

Li enpòtan pou fè timoun yo konnen ke sèk familyal la trè sere. Timoun yo bezwen asirans nan men paran yo pou yo konnen ke fanmi an ansekirite. Adolesan yo, an patikilye, ka frape plis akòz de kalite katastwòf sa a. Paran yo dwe tcheke siy tankou twoub somèy, fatig, yo pa pran plezi nan aktivite yo te konn pran plezi ladan yo oparavan ak abi sibstans ilisit.

Twòp ekspozisyon a medya ka twomatizan. Li miyò pou pa kite timoun yo oswa adolesan yo wè evenman twomatik sa yo nan televizyon san rete. Timoun ak adolesan yo pa dwe gade evenman sa yo poukont yo. Granmoun yo bezwen ede timoun yo konprann ijans lan oswa



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

katastwòf la. Diskisyon se yon bagay ki vital. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan websit www.aap.org.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.doh.state.fl.us oswa www.FloridaDisaster.org.

Liy Enfòmasyon pou Kadijans nan Florid: 1-800-342-3557.

Fonksyon Sipò pou Enfòmasyon Piblik la nan Kadijans: 850-921-0384.

###